ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№16 (23.986) ● 2020 гъэм мазаем (февралым) и 11, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкIэ стратегие Iуэхухэм хоплъэ

**Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыным пыщIауэ ялэ игъэщыпхъэ Iуэхуэхэм ятеухуауэ УФ-м Къэзыбж и палатэм и унафэщI Кудрин Алексей дыгъуасэ Москва щригъэкIуэкIа стратегие сессием хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъихьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьынымкIэ къалэн нэхъыщхьэхэм, Демографием, узыншагъэ хъумэным, егъэджэныгъэм, псэупIэмрэ къалэм зегъэужьынымрэ, экологием, хьэрычэт мыинымрэ курытымрэ, бизнесым зыщIэгъэкъуэным екъолIа къэрал программэхэр зэрагъэзащIэм, лъэпкъ мурадхэр зэрызэрагъэхъулIэр.

КъызэратамкIэ, «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныр» федеральнэ къэрал программэм хэплъэжьыпхъэщ. ЩIынальэм иджыпсту щыубзыхун хуейщ зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр, ар тещIыхьауэ щытын хуейщ округым ис лъэпкъхэр къадекIуэкI хабзэхэм, абы щыIэ епIэкIыныгъэхэмрэ гугъуехьхэмрэ.

«Дэ Iуэхум нэхъ къезэгъ иджыпрей стратегиер игъэхъзэрыпу правительствэм дыщогугъ. А стратегием лъабжьэ хуэхъун хуейщ лъэпкъ мурадхэмрэ проект пыухыкIахэмрэ къагъэувкэр гъэзэщIэныр», - къыхиутIащ УФ-м къэзыбж и палатэм и унафэщI Кудрин Алексей. Апхуэдэу абы жиIащ Кавказ Ищхъэрэ щIынальэр кIуелейсу зэрыщымытыр, адэкIи зиужьын папщIэ абы лъабжьэ тэмэм зэриIэр. Апхуэдэ хэкIыпIэхэм ящыщщ туризмэр, мэкъумэш хозяйствэр, нэгъуэщI Iэнатlэхэри.

Къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къалъытащ уней мылъкур къэгъэсэбэныныр, коррупцэм ебэныныр, туризмэм и иджырей инфраструктурэр зэтегъуэвэныр, Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къэIэтыныр, шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщыныр, Iэнатlэхэм зэрызиужь IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыныр.

Хэхауэ тепсэлъыхьащ щIынальэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэм зыщегъэужьыным. ЗорыжаIамкIэ, къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ тэмэму ягъэзэщIэн папщIэ мы гъэм интернет-сервисыщIэ лажьэу яутIыпщынущ. Абы и фIыщIэкIэ нэрылъагъуу нэхъ ефIэкIуэнущ щIыхухэм я тхыгъэхэм, лъэIухэм жэуапхэр зэрырат щIыкIэр.

Iуэху нэхъыщхьэхэм ятеухуа докладхэр сессием щащIащ УФ-м Къэзыбж и палатэм и унафэщI **Кудрин А. Л.**, УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Дальневосточнэ федеральнэ округым щыIэ **Трутнев Ю. П.**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и къуэдзэ **Гурьев В. В.**, УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Решетников М. Г.**, УФ-м финансхэмкIэ и министрым и апэ къуэдзэ **Горнин Л. В.**, Дагъыстэн Республикэм и Iэтащхьэ **Васильев В. А.** сымэ, аудиторхэм, экспертхэм.

ЗэIуущIэм апхуэдэу хэтащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ **Чайкэ Ю. Я.**, Урысей Федерацэм и Федеральнэ прокурорым и къуэдзэ **Демишин Д. В.**, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субектхэм я Iатащхьэхэр.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я лэжьыгъэм теухуауэ «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым иралъхьэр зыхуэдэр къэщтэн мы Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2020 гъэм мазаем и 4-м Налшык къалэ №14-ПП*

«Къэрал органхэмрэ щIынIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмрэ я лэжьыгъэм теухуа информацэм щыгъуазэ зытщIынымкIэ Iэмалхэр къызэрэпэщыным и Iуэхукlэ» 2009 гъэм мазаем и 9-м къащта Федеральнэ закон №8-ФЗ-м и 14-нэ статьям и Iыхьэ 6-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органхэм я лэжьыгъэм теухуа информацэм щыгъуазэ зыщIынымкIэ Iэмалхэр къызэгъэпэщыным и Iуэхукlэ» 2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 25-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №96-РЗ-м и 8-нэ статьям и Iыхьэ 3-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я лэжьыгъэм теухуауэ «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым иралъхьэр зыхуэдэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм яхуэгъэувын:

мы унафэм къызэрыщыгъэувам тету информацэр «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым иралъхьэныр къызэрагъэпэщыну;

езыхэм я лэжьыгъэм теухуа информацэр «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым илъхьэныкIэ ягъуеда пIалъхэм тетыну;

езыхэм я лэжьыгъэм теухуауэ «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым иралъхьэ информацэм и пэжагъымрэ ар и зэманым къагъэщIэрэщIэжьынымрэ къызэрагъэпэщыну.

3. Мы унафэр гъэзэщIэным пыщIауэ зыхуеину ахъшэр къызэрагъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым зыхуэфащэ и гъэзэщIакIуэ органхэм къабгъэдэхуэ къалэнхэр зэфIагъэкIынымкIэ къагъэсэбэпын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыхухах финансхэм къриубыдэу.

4. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэщIым и къуэдзэ Къунымэ М. А.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий.**

● Узыншагъэ

# Уасэхэр драмыгъэуеину псори къыхураджэ

**КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм щекIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ медицинэ нэкIуIупхъуэхэм я уасэм теухуауэ щыIэ щытыкIэм. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хъубий Марат, республикэм узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Кълэбатэ Рустам, ФАС-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Пщышнэ Къазбэч, «Роспотребнадзор»-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ управленэм и нэхъыщхьэ Пагуэ Жыраслъан, «Росздравнадзор»-м КъБР-м щIэ Iуэхущlапlэм и унафэщI Ахьмэт Алим, хущхъуэхэр щащэ Iуэхущlапlэшхуэхэм я лIыкIуэхэр.**

ПАГУЭ Жыраслъан жиIащ коронавирусым теухуа псалъэмакъэр грипп узыфэм зыщиубгъу лъэхъэнэм ирихьэлIэу къызэрежьам щхьэкIэ, медицинэ нэкIуIупхъуэхэр нэхъыбэу ящэху зэрыхъуар. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, иужьрей тхьэмахуитIым сымаджэ хъу сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я бжыгъэм хохъуэ, апхуэдэу екIуэкIмэ, сабий гъэсапIэхэмрэ курыт школхэмрэ карантин щытыкIэр щаIэ гъэувынущ. Коронавирусым теухуауэ республикэм и санитар дохутыр нэхъыщхьэм жиIащ ди республикэм ар къызэрымысар икIи Iуэхум ткIийуэ зэрыкIэлъыплъыр.

- ФАС-мрэ хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэмрэ зэгъуэсу аптекхэкэр къапщытэнущ, - къыпищащ псалъэмакъым Пщышнэ Къазбэч. - Иджыпсту медицинэ нэкIуIупхъуэхэм я уасэр соми 2-м щегъэщIауэ сом 20-м нос. Ар зэуэ лъапIэ щIэхъуэр хьэпшыпыр куэду зыщэжэм уасэм зэрыхагъэхъуарщ.

Хущхъуэ щапIэхэм я лIыкIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, нэкIуIупхъуэхэр республикэм къахуезыгъашэ Iуэхущlапlэр здэщыIэр Ставрополщ, щIынальэм и аптекэхэм ар зэращэну уасэри къахуэзыгъуэвыр аращ. Апхуэдэу нэкIуIупхъуэхэр зэпэубыда щIэхъум и щхьэусыгъуэу къагъэлъэгъуащ ар къыщIэзыгъэкIхэм ди къэралым къызэрыхуатIыпщыр щIэхщIэхьыурэ зэпыуа зэрыхъур.

Ахьмэт Алим хъыбар яригъэщIащ тхьэмахуэ къэскIэ нэкIуIупхъуэхэм я уасэр къызэрапщытэнур икIи псори къыхураджащ абы и пщIэр драгъэуэнуэ ирихьэлIэмэ, «Росздравнадзор»-м» псэпэну тел. (8 800 550 99 03).

Республикэм и аптекэхэм ящыщ зым и унафэщI Текуевэ Заирэ жиIащ зы нэкIуIупхъуэм хуэзэу сом 16,4-рэ зэрыритар, езым сом 17-кIэ зэрищэжыр. Абы къыхилъхьащ аптекэ псори зэгурыIуэу нэкIуIупхъуэр къызэращэхуа уасэм процентитху нэхъыбэ щIамыгъужыну. Хущхъуэ щапIэ Iуэхум и лIыкIуэхэр абы къыхуриджащ Iуэхум егъэлеиныгъэ хамылъхьэну.

**ЩIХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

● ЖКХ

# ПрограммэщIэм и фIыгъэкIэ

**КIуэкIуэ Казбек дин щIэныгъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ Тэтэрстаным щекIуэкIа зэIущIэм хэтащ**

**Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и ялэ къуэдзэ Кириенко Сергей блэкIа щэбэным Тэтэрстан Республикэм щригъэкIуэкIащ Болгар ислъам академием и попечительскэ советым и зэIущIэр. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, УФ-м и субъект зыбжанэм я унафэщIхэр, Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, Урысей Федерацэм щIэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ и министерствэм, дин зэгурыIуэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIахэм фIэхъус псалъэхэмкIэ зэхуигъазэри, Кириенко Сергей къыхигъэщхьэхуакIащ Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и унафэщIым я лэжьыгъэ зэтегъэувэжьныныр абыхэм зегъэужьыныныр яхуэунэтIа къалэн пыухыкIа къызэригъуэр.

«Ислъамым ди къэралым лъабжьэ куу зэрыщIэм къыдэкIуэу, лIэщIыгъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ тхыдэ, щэнхабзэ, хабзэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыдокIуэкI. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр щыпсэу икIи дин зэмылIэужьыгъуэхэр щаIыгъ Урысейм и дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ яIэщ. Урысейм ис мусыльмэнхэм я хабзэ хэхахэм зегъэужьын икIи абыхэм щIэблэщIэкэр щIэпIыкIын хуейщ», - къигъэльэгъуащ къэпсалъэм.

Тэтэрстаным и Президентым къыхигъэщхьэхуакIащ цIыхухэр мусыльмэн диным хуегъэджэныкIэ лэжьыгъэр къэралым илъэсищ куэд лъандэрэ зэрыщекIуэкIыр. Апхуэдэ егъэджэныгъэм нэхъри зегъэужьыным, исльамым и хабзэхэр нэхъ кууэ зэпкърыхауэ цIыхухэм ягурыгъэIуэным и лъэныкъуэкIэ хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ Болгар исльам академиер къызэрызэрагъэпэщащ.

Минниханов Рустам зэIущIэм хэтахэм фIыщIэшхуэ яхуищIащ исльам академием и лэжьыгъэм зегъэужьыным зэман щхьэхуэ зэрыхухахам папщIэ. «Урысейм и Президентым исльам егъэджэкIэр зэтегъэуэвэжьным хуэгъэзауэ къигъуэва къалэнхэр нэсу гъэзэщIа хъун папщIэ иджыри лэжьыгъэ куэд къытпэщытщ», - къигъэльэгъуащ абы.

ХьэщIэхэм академиер къызэхакIухьащ, абы и музейм, библиотекэм, екIапIэ пэшхэм еплъащ. Болгар исльам академием и ректор Абдрахманов Данияр ахэр щыгъуазэ ищIащ еджапIэр къызэрызэрагъэпэщамрэ абы зэрызиужьамрэ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэ лэжьыгъэмрэ зэрекIуэкIым, адэкIэ зэфIагъэкIыну я мурадхэм.

ЩIэныгъэ Iуэхукlэ Тэтэрстаным щыщIыам КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек бжыгъэхэр зи лъабжьэ иджырей технологиехэр убзыхунымрэ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным хуэгъэзауэ ахэр къагъэсэбэпынымкIэ республикэм иIэ ехьулIэныгъэхэм щыгуазэ зищIащ, промышленнэ, щIэныгъэ Iуэхущlапlэ щхьэхуэхэм щыIащ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.***

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жащми мазэми щолажьэ коррупцэм пащIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

**Псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ Урысейм и фондым къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 500 къыIэрыхьэнущ.**

АР къыщагъэсэбэпынущ аварийнэ щытыкIэм ит унэ кхъахэхэм щыпсэухэр къыщIэгъэIэпхъуакIыным теухуа программэм.

Республикэм псэупIэ унэу метр зэбгъуэнатIэ мин 17 щаухуэну мэгуГъ. 2025 гъэ пщIондэ абыхэм цIыху миным нэс ягъэIэпхъуэфынущ.

Арщхьэкlэ Iуэхум епIэщIэкIыу 2020 гъэм и кIэм нэсыху программэр ягъэзэщIэну къалэн зыщащIыжащ».

Нэхъапэм щыIа мыпхуэдэ программэр гъэлэжьэным текIуэдэну мылъкур къэрал, республикэ бюджетхэм зэхуэдэу къахэкIын хуейт. Иужьрейм, УФ-м и субъектхэм мылъку и лъэныкъуэкIэ яIэ зэфIэкIыр къыщащIэтэри, зэхъуэкIыныгъэ халъхьащ: процент 98-р иджы къэралым и ахъшэу хухалъхьэнущ.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэз.**

# 75

Ди сэлэтхэр Польшэм нэсащ.

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер**

**СЭЛЭТ УЭРЭД**

**Ди щIалэгъуэу Iэщэ къыдатауэ**
**Ди щIыр гурэ псэкIэ догъэпэж, -**
**Щытхъэмэнщ Хэку-анэр бий етахэм:**
**Къэдгъэхъункъым зауэ, сэ си къуэш.**

**Анэу щIылъэм тетым дэрщ я плъапIэр,**
**Дэ къыптпэлъэу ахэр емызэш.**
**Мамырыгъэ гъащIэрщ я хъуэпсапIэр:**
**Къэдгъэхъункъым зауэ, сэ си къуэш!**

**Ди хъыджэбзхэм я гум дыщагъафIэу**
**Я гуэлъ уэрэдыр дэ тхуагъэш, -**
**Ягъэужьыхьым льагъныгъэ мафIэр:**
**Къэдгъэхъункъым зауэ, сэ си къуэш!**

## Нобэрэ пщэдейрэ

**Мазаем и 11, *гъубж***

**♦Сымаджэм и дунейпсо махуэщ**

**♦ЩIэныгъэм хэт бзылъхьэгъэхэм я дунейпсо махуэщ**

**♦Урысейм щагъэлъапIэ щIымахуэ спорт лIэужьыгъуэхэм я махуэр**

**♦Тутын емыфэным и урысейпсо махуэщ**

**♦Азербайджаным и налоговэ къулыкъущIапIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

**♦Япониер къэралыгъуэ щхьэхуэ щыхъуа махуэщ**

**♦1697 гъэм** Пётр Езанэм Iэ щIидзащ Урысейм тутын щащэну хуит зыщI унафэм.

**♦1809 гъэм** бахъэкIэ лажьэ кхъухь япэу зэрищIам щыхьэт техьэу тхылъ къартри, абыкIэ цIыхухэр кьришэкIыну зэрыхуитым теухуаи хуатхащ америкэ инженер **Фултон Роберт**.

**♦1826 гъэм** Лондон къалэм университет къыщыIэзIухьным теухуа унафэ къащтащ.

**♦1829 гъэм** цIыху къызэрыгъэгубжьахэм Тегеран щаухкIащ урыс усакIуэ, драматург, дипломат Грибоедов Александр.

**♦1928 гъэм** Санкт-Мориц (Швейцарие) къыщыIэзIуахащ II ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр мазаем и 19 пщIондэ екIуэкIащ. СкелетонымкIэ (Iэжьэм иIуэ бгым кьежэхьныкIэ) зэпеуэжэр олимп зэхьэзэхэрэм щыхагъэхьар абы щыгъуэщ.

**♦1929 гъэм** Ватикан къэрал щхьэхуэ хъуащ. Аращ дунейм щынэхъ цIыкIу дыдэ къэралыр.

**♦США-м щыщ къэхутакIуэ цIэрыIуэ, фонографыр къэзыгупсыса, дуней псом къыщалъыта зэхъуэкIыныгъэхэр электротехникэм хэзыльхьа, Америкэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - Конгрессым и Дыщэ медалыр - зыхуагъэфащэ Эдисон Томас** къызэралъхурэ илъэси 173-рэ ирокIу.

**♦**Актёр, «СССР-м и цIыхубэ артист» цIэр ялэу зыхуагъэфэщащэм ящыщ **Качалов Василий** къызэралъхурэ илъэси 145-рэ ирокIу.

**♦**Совет актрисэ, уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Орловэ Любовь** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокIу.

**♦**ЖылагъуэI лэжьакIуэ, философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Унэж Кашиф** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокIу.

**♦**ЖылагъуэI лэжьакIуэ, КъБР-м цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжьынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щоджэн Риммэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык пшэрэ техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыпIэр махуэм градуси 3 - 1, жэщым градуси 9 - 6 щыхьэнущ.

**Мазаем и 12, *бэрэжьей***

**♦Iэ плъыжьым и дунейпсо махуэщ (сабий-зауэлIхэм я дунейпсо махуэщ)**. Сабийхэр зауэхэм, лъыгъажэхэм хэтын хуей зэрыхьур, залымыгъэ зехьэным ирахулIэныр мыдэным хуэгъэпсауэ 2004 гъэ лъандэрэ ирагъэкIуэкI.

**♦1864 гъэм** Москва зоопарк къыщызэIуахащ.

**♦1908 гъэм** дунейм щыяпэу Нью-Йорк къалэм щежьащ автомобилкIэ къызэдэжэурэ щым и хъуреягъ гъуэгуанэр зэпызычыну мурад зыщIа гуп.

**♦1929 гъэм** Налшык щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ курорт хъуащ.

**♦1941 гъэм** пенициллин хущхъуэр ирахьэлIэрэ цIыху сымаджэр ялэ дыдэу ягъэхъужащ.

**♦1943 гъэм** Краснодар къалэр, Тимашевск, Кореновск щIыналъэхэр Кавказ Ищхъэрэ фронтым и дзэхэм хуит къащIыжащ. Абыхэм щIэгъэкъуэнымкIэ ахуэгъуэт партизанхэри.

**♦1947 гъэм** Приморскэ крайм, Сихотэ-Алинь щIыналъэм, къыщIехуэхащ ваГъуэжикIпкъ (метеорит). Ар езым хуэдэхэм я нэхъ ин дыдэт - и хьэпIагъыр тонн 70-м нэсырт.

**♦1955 гъэм** СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къищтащ Байконур космодромыр ухуэным теухуауэ.

**♦1957 гъэм** Кавказ Ищхъэрэм щыяпэу Налшык телевидеэм лэжьэн щыщIидзащ.

**♦1961 гъэм** дунейм щыяпэу СССР-м «Венера-1» станцыр хьэршым иутIыпщащ.

**♦1979 гъэм** Женевэ (Швейцарие) климатымкIэ япэ дунейпсо конференцым лэжьэн щыщIидзащ.

**♦1994 гъэм** Лиллехаммер (Норвегие) къыщызэIуахащ XVII ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр мазаем и 27-м иухащ.

**♦2010 гъэм** мазаем и 12 - 28-хэм Ванкувер (Канадэ) щекIуэкIащ XXI ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр.

**♦**США-м и 16-нэ президенту щыта, цIыхур ягъэпщылIу мыдэныр хабзэу зыгъэува я лъэпкъ лIыхъужь **Линкольн Авраам** къызэралъхурэ илъэс 211-рэ ирокIу.

**♦**Тыркум щыпсэуа адыгэ тхакIуэ, дунейпсо литературэм и классикыу къалъытэ **Хьэтхъуэ Умар (Омер Сейфеддин)** къызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокIу.

**♦**Дзэзэешэ цIэрыIуэ, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь маршал **Чуйков Василий** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокIу.

**♦**УсакIуэ, журналист, УФ-м и ТхакIуэхэмкIэ Журналистхэми я зэгъуэныгъэхэм хэт, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Моттаевэ Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.

**♦**УсакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэшэж Иннэ** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокIу.

**♦**УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист **Мэремыкъуэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокIу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. ЩIыпIэ махуэм 1 градус, жэщым градуси 5 - 3 щыхьэнущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

## Зи гъунэгъу зи Iэпэгъум и насыпщ.

# ТхакIуэ, публицист цIэрыIуэ, критик Iэзэ

## ЛIыфIым иужькIэ и цIэр къонэ

*Къхуэлуфэ Хьэчим Хьэбас и къуэр Бахьсэн щIыналъэм хьихьэ Дыгулыбгуеуэ къуажэм 1940 гъэм мазаем и 10-м къыщалъхуащ. 1964 гъэм КъБКъУ-р къиуохри, республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм щылэжьащ, хамэ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм щэнхабзэ пыщIэныгъэ яхудиIэныр къызэзыгъэпэщ «Хэку» обществэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм жэуап зыхь и секретару, КПСС-м и обкомым печатымкIэ, телевиденэмрэ, радиомкIэ и къудамэм, КъБР-м Телевиденэмрэ радиомкIэ и къэрал комитетым я унафэщIу, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щытащ. 1998 гъэм ар япэу хахащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадзу, 2003 гъэм, Союзым и Уставым тету, тхьэмадзм и къуэдзэ хьущ, 2008 гъэм аргуэру унафэщIым и кIалэнхэр кIыхуагъэфэщэжащ.*

*Къхуэлуфэ Хьэчим итхаэр 1958 гъэм щыщIздзауэ печатым къытохуэ. Художественнэ, художественно-документальнэ, литературэ-критикэ, публицистикэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ 14 и Iэдакъэ къыщIэкIащ.*

*Ар яхэтщ документальнэ-художественнэ жанрым и лъабжьэр къэбэрдей литературэм щызыгъэтIылъахэм. Апхуэдэщ Совет Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхъан теухуа «Орёл умирает в полёте» повестымрэ «ЛIыгъэм и фэеплъ» тхылъыбзэ. Документальнэ прозэм, тхыдэ публицистикэм щыщщ Хьэчим истамбылакIуэхэм я натIэ къриклуар къыщигъэлъэгъуа «ИгъащIэкIэ гъарибхэр» и лэжьыгъэшхуэри. Къэбэрдей литературэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэм ар мыззэ-мытIэу тетхьхьащ, абы и лъэныкъуэкIэ уасэншэщ «В зеркале социальной жизни» тхылъыр.*

*Адыгэ псоми гущIыхьэ ящыхьууэ, илъэс 80 иригъуным мазитI фIэкIа имыIэжу дунейм ехьжа Къхуэлуфэ Хьэчим дахэу хужаIар зэхэпха иужькIэ, «Шым яужькIэ уанэ къонэри, лIыфIым иужькIэ и цIэр къонэ» псалъэ Iущхэр уигу къагъэкIыж. Уеблэмэ, ар зыхэмытыж лъэпкъ-литературэр, публицистикэр, щэнхабзэ дунейр ныкъуэ хъуа, зеиншафэ къытеуа хуэдэщ. Литературэм иригъэвэ, абы хуэгумыгъуэ, хуэгупIанэ зырызхэм ящыщт Къхуэлуфэр. Ар зыхэт Iуэхум апхуэдизкIэ теубгъуати, абы къыщыхьэщыпсэлъыкIкIэ ткIыбжьу, гуащIэу щIэпсалъэри арат. Апхуэдэр зыхуэзфIэкIыр зырызыхэт.*

*УиIэм и уасэр пфIэкIуэда иужьщ къыщылпщIэр... Хьэчим зэрытхэмытыжым ирищыгъуа адыгэхэм ар зэи ящыгъупщэнукъым. И ахьрэтыр дахэ ГъкIэ ищI!*



**ЗекIуэ нэужьым**. *1969гъэ*

## Зи псалъи зи тхэкIи щапхъэу щыта

**Къхуэлуфэ Хьэчим лъэужь бей къыхинащ адыгэ литературэм, публицистикэм, Республикэм и щэнхабзэм. Абы пщIэ хуищIырт и дэтхэнэ псалъэми. Хьэчим ящыщщ «зауэм и бын» зыфIаща щIэблэм. Сабийуэ зауэр къежьами, езым и унэ хъэкIуэщ езы зауэ гущIэгъунщэр - я унэм нэмыщ бомбэ къыхтехуэри и анэр зэкIуэдащ. Арагъэнщ зэрыщIыкIуэрэ къхуэхьпатэзехуэ хъуну хъуапсэу щIыщытар. Хэт ищIэрэ и анэм илъ ищIэжьыну игугъуэу къыщIэкIынт. А Iэщагъэр къемыхъулIами, тхакIуэм и Iэдакъэм 1971 гъэм къыщIэкIащ Совет Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхъан теухуа повесть «Орёл умирает в полёте». Мы тхыгъэр цIэрыIуэ хъуащ, ягу ирихьащ литературэ щIэныгъэлIхэми, тхылъеджэ куэдми. Къхуэлуфэм къитIэгъэсэбэпащ документ зыбжани, езым зэхилъхьа сюжет къэлэмэти, удэзыхьэх гупсысэхэри.**

ЗАУЭМ теухуауэ Хьэчим итхащ очеркхэр («Верность подвигам отцов», 1968); Iуэтжхэр («Зауэм и Iэпа-пIэхэр», 1973); («Память о подвиге», 1966); «Общий памятник» тхылъхэр (1985).

Къхуэлуфэр яхэтащ 1966, 1968 гъэхэм 115-нэ Къэбэрдей шу дивизэр щызэуа щIыпIэхэм кIуахэм. А зекIуэхэм щилъэгъуахэр, къикутахэр и лъабжьэ хъуащ иужькIэ къыдигъакIа «Мэзыр жыг зырызыурэ зэхэту» (1977) повестым. Къхуэлуфэ Хьэчим къэралым и тхакIуэхэмри журналистхэми я зэгухьэныгъэм хэтащ, илъэс куэдкIэ газетхэм, журналхэм, радиом, телевиденэм ядэлэжьащ, партым и обкомым щыщIыпами журналистикэм и Iуэхущ и гуащIэ зытригъэкIуэдар. ИлъэсихкIэ «Адыгэ псалъэ» газетым (1992 - 1998) щылэжьащ редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу. А газетми, журналхэми очерк, статья купщIафIэ куэд къытригъэзащ.

Илъэс бжыгъэкIэ «Родина» жыпIагъуэ зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретару щытащ Хьэчим. Ар пыщIат хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм. Ди лъэпкъэгъуэхэм я деж а зэманым кIуахэм яхэтащ журналист Iэзэ Хьэчим. Абыхэм ятеуха очерк щIэщыгъуэкIэ къытридзэжащ газетхэм, къатащ радиокIи. Зэхуэхьесауэ ихуащ «Вечные странники» тхылъым. (И цIэр къыхихащ Лермонтов М. и зы усэм). Пэжщ, а зэманым тынштэкъым ди лъэпкъэгъу «Мухьэжыр» зыфIащаэм, Урыс-Кавказ зауэм хэкур зэрабгынахэм я гугъу пщIыну. Абы кышхэкIкIэ зыкъомкIэ гуващ Хьэчим зэхуихьэса материалхэм я Iыхьэ гуэрхэри, ауэ ар яхэтщ псори дызыгъэгъазвэ темэр япэ дыдэ утыкум къызыхьахэм. ФIыщIэ лей хуэфащэщ Хьэчим Тыркум япэ дыдэу адыгэбзэкIэ къыщыдэкIа «Гъаазэ» газетым и номер зыбжанэ хэкум деж къызэрырихьэжамкIэ.

Псоми ящIэр куэд щIауэ ди критикэр езы литературэм «къызэрыкIэрыхуар». Ди къуажэ щыщ гуэр совет зэманым гушыIат «Игъащ!э псом завмагъу сыпэжьэнт «ревизэ» жыхуаIэр щымыIатэмэ». ЗыкъомкIэ критикхэр ревизорхэм ебгъапщэ хъунущ. Ди тхакIуэхэм я Iэдакъэщ!экIэхэр ревизэ зыщIыр «езы тхакIуэхэрщ». Уи жагъуэ зэрыхъунщи, ди критикхэр мащIэ дыдэщ. Абы хэбгъахьэ хъунущ Къхуэлуфэ Хьэчим. Абы и статьяхэм ехьэкI имыIэу щызэпхрех зытетхыхь тхакIуэхэм я ехьэлIэныгъэри, къаймыхьлIакIэри. И гупсысхэм я лъабжьэ ищIырт фIэщхъуныгъэ къозыт щапхъэхэр.

Илъэс куэдкIэ Хьэчим республикэм ис ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадзу лэжьащ. Тыншкъым творчествэм итхьэкъуа усакIуэхэм, тхакIуэхэм уадэлэжьэну. Гугъущ «тхакIуэ гъуэгур» къыхэзыхахэм я лэжьыгъэри. Абыхэм я Iэдакъэщ!экIэр уафэм кьеха фIыщIагъэм хуэдэу къызыфIэщIхэри. Китайхэм жаIэ «ЦIыхур щытхъукIэ пхуэгъэлIэнущ». Ар зыщагъэгъупщэн уейкъым ди критикхэми, унафэщIхэми, езы дыдэ тхакIуэхэми.

Хьэчим ар фы дыдэу къыгурыIуэрт, тхакIуэхэм ятеухуауэ итххэми, абыхэм я лъэсыгъ гупсысэхэми, саугъэтхэми, фIэщыгъэхэр щратхэми пэжым зэрытемыкIыным хэтт. Нэхъыщхьэу кьилъытэрт тхакIуэхэм я Iэзагъэр, ятххэм цIыхубэм уасэ хуащIырт. Арагъэнт абы ныбжьэгъу куэд иIами, хуэмыарэзыхэри зэрымымащIэм и щхьэусыгъуэр. Пэжыр щыгъуэм хуэдэщ, ерыскъым хэбдзэ мардэм щIебгъэгъумэ, псы куэд уригъэфэнущ.

А пэжыр къыгурыIуэн щхьэкIэ Хьэчим тхылъ куэд дыдэ еджэрт, щIипщытыкIырт газетхэр, журналхэр. (АбыкIэ бгъэдэбгъэувэнхэр куэд хъуркъым), фIыуэ хищIыкIырт ди къэралым и литературэ дунейм къыщыхьу-кьыщыщIэхэм.

Ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъы зызыужьахэм яIэт «Ораторское искусство» жыхуаIэр. ПсэлъэкIэ дахэ зиIэхэр ягъафIэрт, пщIэ лей хуащIырт. Адыгэм я терминыр димыIэми, оратор ди мащIэкъым. Ди псалъэжьми кьыжьеIэ мыбы и мыхьэнэ Iыхьэ: «ПсалъэкIэ зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ». Хьэчим оратор нэсу щытащ, ар щэрыуэу, удихьэху къыщыпсалъэрт ди республикэми, нэгъэущI хэгъэгуэзамным щекIуэкI пшыхьэм, зэхьэхьэм. Хьэчим и гупсысэр щэрыуэу кьиIуатэрт адыгэбзэкIи урысбзэкIи. Сэ сызэрепльымкIэ, ар къыщIехьулIэм щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэт: тхылъ куэд еджэрт, езыр тхакIуэт, журналистт, критикт (партым и системэм щызэтаеми, унафэщIхэм я докладэр ирагъэтхырт), зекIуэлIт, щIыпIэ куэдым къыщыпсэлъэн хуей хъурт. н.къ.

Мащ!экъым дахэу псалъэхэр, адыгэхэм дигуфIэгъуэ Iэнэм щыжаIэ хъуэхъуэм, ди гушыIэ дахэхэм «бзагуэхэри» ягъэпсэлъэфрынущ. Хьэчим ефэ-ешхэ Iэнэм нэхъыжьу щагъэсерейт, а къулыкъури адыгэ хабзэм тету, удихьэхыу игъэщащэт.

Дахэу псалъэхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ нэхъ мащIэщ фIыуэ тхэхэм нэхъ?. Литературэм дежи щызоклуэ а хабзэр. Куэдкъым итхахэмкIэ авторыр зэуэ къозыгъащIэ усакIуэхэр, зи хьэтIыр зым ейми емыщхьэр. Хьэчим яхэтт щыпсалъэжкIи, и тхыгъэхэм дежи езым и хьэтI зиIэхэм, иIэжт и «шы тесыкIэ». Хьэчим и творчествэм хьолъагъуэ тхакIуэхэм я гупсысэкIэ образкIэ ухуари, абыхэм я Iэдакъэщ!экIэхэр анализ зыщI литературэджхэм, критикхэм я Iуэху еплъыкIэри.

Литературэр хъихутэ къудейтэкъым Хьэчим, атIэ ар яхэтт литературэр къэзыгъэщIэжми. Псоми ящIэ документхэм теухуа прозэм и лъабжьэ зыгъэтIылъахэм ар зэрыхэтыр, ауэ усакIуэу зэрыщытам щыгъуаззэр куэдкъым. «Бгъэнокъуэ Хь.» щIидзырт итхэм ящыщ зыкъомым. 2007 гъэм къыдигъэкIащ усэ тхылъ щхьэхуэ «ЩIакIуэ кIапэ». Мыбы и фIэщыгъэм хуэфащэщ ит усэхэм я мотивхэр. И лIыхъужьыр «ЩIакIуэ кIапэ» теувэфрынущ пэжым,адыгагъэм, анэдэлъхубзэм къыщыхьэщыжу. IутIыж Борис усыгъэм и уасэр фIы дыдэу къыгурыIуэу щытащ, абы Хьэчим и усэ тхылъым псалъэ гуапэ хужаIащ и статья «ЩIакIуэ кIапэ» зыфIищам. Борис кьехь Хьэчим и усэхэм къыхиха сатыр зыбжанэ:

**Удын щышынэу хьуэхэр щым,**
**Сыт къэхъуми, зэи фIэмыкIахэр**
**Зи температурэр 36-м...**

НэгъэущI усэм деж Хьэчим «ди пащхьэ кърегъэувэ» иджырей щIалэ, зи анэдэлъхубзэр зэримыщIэр урысыбзэкIэ къиIуатэу. Абы жэуап ирет щхэхуу:

**- А-а, къысхуэгъэзэгъу, сэ, мыдэ,**
**Си адэр сцIыхукъым, жыпIэ**
**къысфIэщIащ.**

Мы тхылъым щIыпIэ хэха щигъуэтащ Хьэчим фIыуэ ищIэ, зыгъэгъзавэ ди лъэпкъэгъуэу хамэ щыпIэ щыпсэуэхэм я бампIэм теухуахэр.

Адыгэ литературэм и зыужькIэм, тхакIуэ щхьэхуэхэм ятеухуа статья, эссе, очерк куэд дыдэ итхащ Хьэчим. Ахэр газетхэм, журналхэм къытридзащ, иригъэуващ тхылъ щхьэхуэхэм. Апхуэдэщ «В зеркале социальной жизни», «Критика-Компас литературы», «Обретения и потери», «Факты истории и дух современности», нэгъэущIхэри. И статьям купщIафIэу щызэпкърыхащ Цагъуэ Нурий, Щоджэнцыкlу Алий, Кьуэжей Сосрыкъуэ, Тхьэгъэзит Эубер, Похвищий Михаил, Мэшбащэ Исхьэкъ сымэ я Iэдакъэщ!экIэхэр.

Мылажьэу тIысыжа иужькIи Хьэчим махуэл дэмыкIыу кIэлъыплъащ ди литературэм и гъуэгум. Гъэ кIуам къыдэкIащ Брай Адэлбий теухуа статьяхэр, абы и усэхэр зэрыт тхылъ. Ар зыхэзыгъэувахэм яхэтащ Хьэчим. Яхэта къудейкъым, атIэ и ныбжьэгъуу щыта Адэлбий хуитхащ элегие пэлъытэ - «Щхьэгъубжэ нэху: усэмрэ псэмрэ зэщIэзыгъаблэ». Мыр ди критикэм и Iыхьэ нэхъыфIхэу къызэлъытэ, статьяр гъэнщIащ гупсысэ куукIэ, Iэзэу Хьэчим хитхащ Адэлбий и творчествэр адыгэ литературэ процессым, IупщIыу къигъэльэгъуащ усакIуэм и шыфэлIыфэр, и хьэтIыр, псалъэ гуапэ куэд хужаIащ и ныбжьэгъум и адыгагъэ нэсым, и псэ хьэлэлым.

Адыгэм псалъэжь диIащ: «Ныбжьэгъунщэр насыпыншэщ». Ныбжьэгъу и куэдт КъхуэлуфэХьэчим, абы и зыIыгъыкIэм, и псэльэкIэм, и Iущагъым, и адыгагъэм зэришалIэрт цIыху куэд. Сэри абы ящыщ зыуэ зызолытэж. Хьэчим фIы дыдэу илъагъурт псы Iуфэр, жыгхэр, бгыхэр, губгъуэ мафIэр. Псы Iуфэм къыщепщэ акъужь щабэр хуабжьу гунэсщ, псым и макъым «щIым утрещри», зыуегъэгъэпсэку. Ар фIыуэ зыщIэ Хьэчим арагъэнт щIыуэпсым щIыхуэнэхъуеинщэр.

Хьэчимрэ сэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми я псыIуфэ куэдым дыIутащ. Дэ дызэзышэлIари зэныбжьэгъу дызыщIари литературэрщ, анэдэлъхубзэрщ, ди Iэщагъэм, лъэпкъым худиIэ гуузлыуэщ. ЦIыхуфIт, еджагъэшхэт, ныбжьэгъу пэжт. Куэд хуилэжьащ лъэпкъым. Абы публицистикэм, литературэм, критикэм хуищIа хэпъхьэныгъэм иджыри илъэс куэдкIэ сэбэп кьыхуахьынущ адыгэ дунейм. Сэри, адрей си ныбжьэгъуу щыта Iэджэми ди гум ихунукъым адыгэлI нэсу дунейм тета КъхуэлуфэХьэчим.

**БАКIУУ Хъанджэрий**,
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*

• Пхъум и псалъэ

## Си адэм срогушхуэ

**Пэжым ухуеймэ, сэ си адэм хуэдэу сыжьакIуэкъым, тхэным сыхуэIижькъым, си гурылъхэмкIэ нэгъуэщIхэм садэгъашэуи сесакъыми, кIыхь зысщынкъым.**

СИ АДЭР сэркIэ сыт щыгъуи щытащ, щытщ икIи щытынущ захуагъэм, щIыхь лъагэм, щIыхугъэм и щапхъэ нэсу. Абы сэ сыщIипIыкIащ адыгагъэм, хабзэм, унагъуэм исхэр зэрыIыгъын, зэрылъытэн, зэхуэгуапэн зэрыхуейм.

Щхьэж кьызыхэхъукIа лъэхъэнэм и Iэужь къытенэу жаIэ. Пэжым ухуеймэ, си адэр и хьэлкIэ щIыху ткIийт, сыт хуэдэ Iэхуми хуэдэу, бын гъэсэнми ар жэуапIныгъэ ин пылъыц зэрыбгъэдыхьар. Ауэ абы и сэбэп кьызэмыкIамэ, зыкIи зэран къызхуэхъуакъым.

Си адэм лэжьыгъэ зэрикуэдым кьыхэкIыу, си жагъуэ зэрыхъунщи, сэ зэман мащIэщ къыслъысар. Ауэ мыбдеж нэхъыщхьэр зэманым и кIыхьагъракъым, атIэ ар IэфIу, гуапэу зэрызыдэдгъэкIуарщ. Сэ хуабжьу сыщогуфIыкI сэ нэхърэ си кьуэм зэман нэхъыбэ зэрыдигъэкIуам, абы и ущие зэрылъэIэсам. ГъащIэгъэнракъэ, Тамирлан и адэшхуэм куэдкIэ ещхьщ, ар и псэльэкIэ е и гупысэкIэ ирехъу.

Бын псоми апхуэдэу жаIэфынэу къышщIэкIынщ, ауэ си адэм хуэдэ дунейм темытауэ къызсщохъу. ИкIи абы къызэрымыкIуэу срогушхуэ.

**КХЪУЭIУФЭ Данэ**.



**Хьэчимрэ абы ипхъу Данэрэ**. *2018 гъэ*

## Псэм щыщ Iыхьэ

**Я ныбжькIэ илъэс зытIущ-зыщыплI нэхъ ямызэхуакуу къэбэрдей литературэм зы гупыфI зэуэ къызэдыхьащ-уэ щытащ блэкIа IэщIыгъуэм и 50-60 гъэхэм я зэпылъэпIэм.**

АБЫХЭМ ящыщ зыуэ, нэхъыщIэгъуэр къызылъысу яхэтащ Къхуэлуфэ Хьэчими. Дауи, езы лъэпкъ литературэ къэунэхуаГащIэм дежкIэ апхуэдэу уэру гуп псо къыхэхъуэныр гухэхъуэщ. Ауэ литературэр щхьэзакъуэ IэхъущIафэуэрэ зэхэлъ, гупышхуэ ущыхэхутэм деж умыщIэхъэу укъыхэмыщу ухэгъуэщэнми хуэIуа щыIэкъым. Уха́мыгъуэщэным щхьэкIэ гу зылъытапхъэ зыгуэркIэ уакъыхэщхьэхухIын хуейщ.

Хьэчим япэу утыку къызэрихьар усэт, икIи абы иужькIэ усакIуэ ямылейуэ зыкъымытIэтами, тхылъ къэзыщтэу абы и Iэдакъэ къыщIэкIам кьеджэхэм занщIэу хамылъагъукIынкIэ Iэмал иIакъым усакIуэ щIалэм и псалъэхэм яхэлъ гукъэбзагъэр, пэжныгъэр, гуапагъэр. Сыщыкъэнкъым, псалъэм щхьэкIэ, абы и «Сэлэтхэм я кхъащхьэ» усэр нобэми а темэм теухуауэ нэхъыфI дыдэу адыгэ поэзием хэтхэм ящыщ зыуэ жысIэмэ.

Нэхъ иужькIэ, прозэм щыщитыжым, Хьэчим езым и гъэгу хэха хиубыдыкIыжащ. Абы куэдкIэ и фIыщIэщ художественнэ публицистикэ, документальнэ прозэ зыхужьитIэ тхыгъэ пкъыгъуэхэр адыгэ литературэм лъэ быдэкIэ зэрыщыIыар. Псом хэмыдэжу, лъэпкъ литературэм хэпъхьэныгъэфI хуэхъущ Къхуэлуфэм Хэку зауэшхуэм хэтахэм ятеухуауэ и Iэдакъэ къыщIэкIа повестхэр.

Абыхэм ящыщ зы закъуэ, нэхъ дызыблэплъыкъукIыу пщIэ зыхуэдмыщIыр кьыхыкIэну игъуэу кьызолытэт. 70 гъэхэм и кIэм дунейм къытехьауэ щытащ «Мэзыр жыг зырызурэ зэхэту»повестыр. Пэжщ, ар, и гъэпсыкIэм уеплъмэ, документалистикэм хэплъытэнукъым, сюжетри персонажхэри авторым кьигупсыса хуэдэщ. Ауэ а сюжет дыдэри, лIыхъужь образхэри, къыщыIэта проблемэхэри апхуэдизкIэ ди гъащIэм и пкъыгъэм кууэ хохьэри, пэж дыдэр и лъабжьэу зэрыщытым шэч къытепхьажыныкъым. Абы щыгъуэми, цIыху цIыкIу дунейм тетыху псэм кьыхэхуэу щыт Iузхугъуэхэр - лIыгъэ зыхэгъэлъытнымрэ дзыхэнымрэ, уи щхьэ ухуэфIыжу упсэунымрэ псэр напэм пэбгъэтIылъыфынымрэ, пэжныгъэмрэ гъэпщIагъэмрэ, хьэлэлагъымрэ щхьэхуещагъэмрэ, - апхуэдэ проблемэхэр эстетикэм и хабзэкIэ щызэщIэузэдащ мы повестым. Сигугъэщ, ар ди лъэпкъ литературэм и тхыдэм хэплъэж дэтхэнэми кьыхигъэщIипхъэхэм ящыщ зыуэ.

Си щхьэкIэ Хьэчим и ныбжьэгъу нэхъ пэблагъэхэм ящыщу сыщыгатащ жысIэну сытегушхуэркъым, ауэ зы эзман Iэнатlэ дыпэрытащ, лэжьыгъэ гуэркIэ зэдэтщIащи, сэ абы нэхъ гукъинэ сщIыхьащ, зэи нэкIэнэщхьагъэ хэмылъу, лъэпкъ Iуэхур, литературэ Iуэхур, жылагъуэм дежкIэ нэхъ щхьэпэныр кьыхилъагъукIрэ япэ иригъэщу зэрыщытар. Сигу нэхъ кьинэжащ зэгъуэзу дызэлэжьауэ щыта «Къэбэрдей усэм и антологие. XX лIэщIыгъуэ» тхылъышхуэр. Ар Урысейм и Президентым и гранткIэ гъэззщIэн хуей хьуа лэжьыгъэти, ди лъэпкъ поэзием зы лIэщIыгъуэм къриубыдэу кьехъулIам гъуджэ пэж хуэтщIыну ди пащрылIт. Абы кьыхэкIыу, си дежкIэ пщIэшхуэу кьэслъытат апхуэдэ лэжьыгъэм Iузху хузиIэну кьызэрызэджа кьудейр.

Зэрысфlэщ!ымкIи езы «антологие» псалъэм кьикI мыхьэнэмкIи, ди усакIуэ щIэрыIуэхэм я тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэр хэщыпыкIауэ тхылъым игъэзэгъэн хуейуэ арат. Апхуэдэущ сэ зэрыжысIари, Къхуэлуфэм дыщыызэхуишэсам щыгъэ. Ауэ мыбдежым Хьэчим нэхъ жыжьэрыплъэу кьыщIэкIащ. Абы кьыхихар нэгъэущIщ: сыуасакIуэщ зыкъэ дэтхэнэми и Iэдакъэ къыщIэкIахэм я нэхъыфIыр кьыхэтхмэ, усэ зытхыу хэкум исым я бжыгъэри кьыхэщIынщ, дэтхэнэ зыми нэхъыфIу кьехъуIари кьэнэIуэнщ, жиIащ. Антологием си тхыгъэ ихуэну зыхуэфащэмрэ зыхуэмыфащэмрэ зэпэбгъэщыну хуежьжьэмэ, гупитIым я кум псы дэбгъэльэдэжмэ, игъащIэкIэ пхуэгъэтэрэзынукъым, губгъэн кьыхэпхауэ, лэжьыгъэри пхунэмыгъэсауэ кьэнэжьнуц. Ар Къхуэлуфэм си япэ кьыгурыIуэри, дерс кьыхьизигъэхьажащ абы щыгъуэ. ИкIи а тхылъым зы пщIэ гуэр игъэтащмэ, япэу зи фIагъыр и зэхэублакIуэу щыта, редактор нэхъыщхьэу хуэувыжа, тхакIуэ Союзым и тхьэмадэ КъхуэлуфэХьэчим. Ар пашэныгъэ зыхуэфащэм и нэщэнэщ.

ПЭжЖЫр жыпIэмэ, дунейм щытетми Iар гупытэншэу зэи кьэнакъым. Къулыкъу зэхэзыхэхэри кьыхуэгъэфащэуэрэ щытащ, езыри, сыт хуэдэ IэхъущIапIэ пэрымыувами, зылI ищIэн щыхуэзфIэмыкIа щыIакъым, пщIэрэ щIыхьрэ кьыхуащIу, кьыдэлажьэхэри, зыхуэлажьэхэри, кьызэрыгуэкI щIыхуу абы зи Iэхъу кьэзыхьэлIэхэри арэзы ищIыфащ. СымыщIэххэу, зы махуэ гуэрым ар зи унафэщIу щыта IэхъущIапIэм иджыри щIалажьэ си щы-Iыхьгъэ сыхуэзэауэ, мыпхуэдэу жиIащ, е семыуплщIу, е хэзмыгъэзыхэу, езым и псалъэм кьыдэкIуэу: «Хьэчим Iэщабэ-Iущабэу щытакъым, ауэ сэ унафэщI зыкъом згъэнэхуакуи, абы хуэдэу сыт щыгъуи зыпэрыт Iэнатlэм хуэпэжрэ хуэмыщхьэх сыхуэзэауи щIэжьркъыми.

Дунейм зэ закъуэ утетыну кьыпхуихуамэ, ущытемытыжым деж апхуэдэу кьыщIыпхужаIэн, лъэужь кьэбгъэнэныр лIыгъэщ, жезыгъэнкIэфащэ и насыпщ. Дэтхэнэ ди цIыхугъэри псэууэ дунейм тетыху, дэ добэлэрыгъ, дыщыхуэй дыдэм хъэдгъэзытынкъэ, жыдоIэри. Дымыгъуэтыжыхэхэн щIыхуам дежщ абы дуней дызытетым щигъэзащIэу щыта кьалэныр зыхуэдэр зэрыгъэсауэ кьыщыдгурыIуэжьр. Абы нэмыщIу, зы хьэл гуэр зимыIэ щымыIэри пэжщи, зэи мыгъуащэрэ-щымыуэу, сыт щыгъуи илъэкъ псори уигу ириихь защIэу, псом я дежкIи фIы зэрэзэщ щыIэкъым. Зыумысыжьын хуейщи, абы-рэ сэрэ ди акъыл щIэзэтемыхуаи къэхъуащ, зым ищIэр адрейм игу щынэмысаи щыIащ.Ауэ ди зэгурымыIуэныгъэр зэи куу мыхъуамэ, ар зи фIыщIэр езыраща, абы щхьэкIэ щхьэхуэзу си щхьэр хуэзгъэщхьыну сфIэкъабылщ.

Дэ, ар зыщIыхуу щытахэр, куэдрэ дыхуэныкъуэнущ, зззэмызэ нэхъ мыхъуми, телефоныр кьеуэрэ кьытетхмэ, и макъыр кьиIукIыныкъым, абы и псалъэ гъэтIысар, и гуащIэр, и уциер, язынымкъуэхэм деж щабэ дыдэщ зыхужьмыIэн, кьехьэкI-нехьэкI ямылей зыхэмылъ псэлъэкIэр зэхэтхынмэ. Ауэ абыи емыльытауэ, ди анэдэлъхубзэр дунейм тетыху Къхуэлуфэ Хьэчим и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэр, Iуэтжхэр, повестхэр, публицистикэ тхыгъэ щIэныгъэкIэр Iэужь дахэу щыIэнущ, сыту жыпIэмэ, абыхэм я гъусэу тхакIуэм и псэм щыщ мы дунейм кьытенащ.

**ГЪУТ Iэдэм**,
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор.*

# Кхъуэlуфэ Хьэчим къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу

## Нэхъыжьхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ я псалъэ

### Гъащlэм и пэжыр

КХЪУЭlУФЭ Хьэчим журналистым и гъэзгу щхьэпэ екlу. Ар абы дежкlэ гъащlэм и дерсхэр щахутэ еджапlэ хьарзынэ мэхъу. А lэщlагъэм дунейм и щэхухэм куууэ кlуэцlрыплъыфу, гъащlэм и пэжыр къигуэтыфу иригъэсащ. А щыкlэм тету куэдым щыгъуазэ зэрыхъуар и художественнэ тхыгъэхэм наlуэу къыхощ. Абы и lэдакъэ хъыщlэкlащ «Щlакlуэ кlапэ», «Гъатхэм и ныбжьыр», «Зауэм и lэпапlэхэр» тхылъхэр, нэгъуэщlхэри.

Сэ Кхъуэlуфэ Хьэчим куэд щlауэ соцlыху, ар зэрыщlалэ зэчиифlэм сыщыгъуазэщ.

**КУЛИЕВ Кьайсын.**
*1975 гъэ*

### Зыми емыщхь

ХЭКУ зауэшхуэм хэтахэмрэ ди лъахэм и хуитыныгъэм, и насыпым папщlэ абыхэм ягъэлъэгъуа лlыхъужьыгъэ инымрэщ Кхъуэlуфэ Хьэчим нэхъ дэхьыхьри, зытетхыхьыну нэхъ къыхихри. «Адэхэм я лlыгъэм хуэпэжу» очеркхэр щыгъэхуэсэа тхылъым (1968), Совет Союзым и лlыхъужь КьанкъуэщАхьмэдхан теухуа «Къуршыбгъэм и псэр уэгум щет» документальнэ повестым (1971), нэгъуэщlхэми наlуэу къагъэлъагъуэж нэмыщ фашизмэм ебэныным и тхыдэм дыщэпс напэкlуэцlхэр изытха ди сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ хахуагъэу яхэлъар.

Прозаик, публицист, критик Кхъуэlуфэ Хьэчим зыми емыщхь усакlуэ гъэщlэгъуэнуи зыкъыгъэлъагъуащ «Щlакlуэ кlапэ» тхылъымкlэ.

**ТЕУНЭ Хьэчим.**
*1974 гъэ*

### Хэкупсэ нэс

ХЪЭЧИМ и творчествэ гъуэгуанэр сыт щыгъуи пыщlащ щlэныгъэм и щыгум ухуэзышэ лъагапlэщlэхэр къэгъэlурыщlэным.

Лъэныкъуэ хуэд къыззэщlэзыбыдэ уи литературэ лэжьыгъэр зэрыщыту адыгэ литературэм и зыужьныгъэшхуэм и lыхьэщ.

Уи критикэ тхыгъэхэр тхакlуэм и творчествэр тэмэму зэрызэпкърыпхыну, абы кьуэлъ талантыр къызэрыбгъэнlуэну щlыкlэм,ар тегъэгушхуэным я щапхъэщ.

Уэ икъукlэ лэжьыгъэшхуэ зэфlэбгъэкlащ цlыху цlэрыlуэхэм я шыфэлlыфэхэр зэфlэгъуэвэныным, Хэку зауэшхуэм и лlыхъужьхэр къэхутэжыным екъэлlауэ.

Илъэныпlэкlэ къэхъуа lуэхугъуэхэмрэ цlыху щхьэхуэхэм я къекlуэкlыкlамрэ екъэлlа уи очеркхэм, lуэтэжхэм, повестхэм зэреджэ кьудейми къыбжаlэ уэ лlыхъужьхэкупсэ темэм уэзрыдихьэхыр: «Гъатхэм и ныбжьыр», «Зауэм и lэпапlэхэр», урысыбзэкlэ птха «Адэхэм я лlыгъэм хуэпэжу», «Лlыхъужьыгъэм и фэеплъ», нэгъуэщlхэми.

Уэ гулъытэ хэха хубощ тхыдэм теухуа lуэхугъуэхэм, Кавказ зауэмрэ абы адыгэхэм кьахуихьа хьэдагъэмрэ. Абы и щыхьэтщ «Игъащlэкlэ гъэрибхэр» («Вечные странники») тхылъыр.

**БЭЧЫЖЬ Лейлэ**,
*КъШР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщl,*
**УЭХЪУТЭ Александр**,
*Урысейм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ.*
*2015 гъэ*

### Апхуэдэхэм захригъэубыдакъым

СИ НЫБЖЬ итхэм фlыуэ дощlэж ди критикхэм я нэхъыбэм «Дыкьызэджа тхыгъэхэр хъуа-мыхъуа» жаlэным и пкlэ зэрегупсысу щытар: «Зытхар нэхъыжь, хьэмэ нэхъыщlэ?» - арат къыщрагъажьэр. - «Нэхъыжьхэм я жагъуэ пщlы хъунукъым, ятхар хъуа-мыхъуами, пщlэ яхуэщlыпхъэщ, нэхъыщlэхэри гъэгушхуапхъэщ, ауэ, ятхар дагъуэншэми, тlэкlу убын хуейщ - щымыкlын, закъыфlэмыщlыжьын щхьэкlэ».

«Ар пцlыщ, апхуэдэу щытакъым», - жызоlэ къэувмэ, щапхъэ си куэдщ... Кхъуэlуфэм и тхылъым («Социальнэ гъащlэм и гъуджэ») къызэригъэлъагъуащи, апхуэдэ критикхэм захригъэубыдакъым, зэджар къызэрыщыхъу дыдэр жиlащ Хьэчим Кlыщокъуэ Алим, Щоджэнщlыкlу Iэдэм сымэ я тхыгъэхэм щытепсэлъыхьыж.

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер**,
*КъБР-м и цlыхубэ усакlуэ.*

### Куэдым хуэIэрыхуэ

КХЪУЭlУФЭ Хьэчим хуэlэрыхуэщ критикэм и жанр зэмылlэужьыгъуэхэм - рецензэ lэщlэхэм къыщегъэжьауэ, лъагъуэ куэдкlэ зызыубгъу, lуэхугъуэ зэхэмыбзэр наlуэ къэзыщlыф тхыгъэхэм нэсу, теплъэгъуэ закъуэкlэ къызэфlищlэрэ налъэ-налъэ куэду зэгуэща литературэ сурэтым хуэкlуэжу.

**СОКЪУР Мусэрбий**,
*филологие щlэныгъэхэм я кандидат.*

### Пэжым и телъхьэ

НОБЭРЕЙ лъэпкъ интеллигенцэм щыщу и гум илъыр нэхъ нахуэу къэзыlуэтэф литераторщ Кхъуэlуфэ Хьэчим. Ар шынэркъым сыт хуэдэ lуэхуми езыр зэреплъыр къэхьакlнехьакlэ хэмылъу къиlуэтэну, адрейхэм дзыхь щамыщlым дежи, ар унэ дисыжми, гъуэгу дытехьами, кlуэ пэтми нэхъ сыдехьэх и цlыхугъэ лъагэм, щlэныгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъым.

Сытым хуэдэу екlуу, дахэу ди республикэр, абы и тхыдэр абы ис лъэпкъхэм ягъэлъапlэ зэхэтыкlэр, псэукlэр, я хабзэхэр, я щэнхабзэр, ди тхакlуэхэм я творчествэр къигъэлъэгъуэфрэ, нэгъуэщl хэкухэм дыкlуамэ, нэгъуэщl щыпlэхэм щекlуэкlэ зэlущlэхэм къыщыпсалъэмэ!

Урысей литературэ дунейм, тхакlуэ гупышхуэхэм абы и цlэ сыт щыгъуи фlыкlэ кхрагъуэ, къэралым и тхакlуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщl нэхъ пажэхэм халъытэ. Апхуэдэу утыку уихьэфын щхьэкlэ щlэныгъэ къудейри, талант дыдэри мащlэщ. Уи лъэпкъым, уи хэкум я пащхьэ щыпхь жэуаплныгъэри куууэ зыхэпщlэу щытын хуейщ.

**ТЕППЕЕВ Алим**,
*КъБР-м и цlыхубэ тхакlуэ.*
*2000 гъэ*

### Гупсысэ куу

ЦlЫХУ нэс, хабзэшхуэ зыхэлъ, щlэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ - ахэр и щыфэлlыфэщ си ныбжьэгъу Кхъуэlуфэ Хьэчим.

Абы хэлъхьэныгъэфl хуиущащ ди щэнхабзэм, литературэм. Хьэчим и очеркхэр, повестхэр, критикэ тхыгъэхэр, усэхэр, lуэтэжхэр гурыщlэ къабзэкlэ, гупсысэ куукlэ гъэнщlащ. Абыкъм кьахотэджыкlэ образ гъэщlэгъуэнхэр, блэкlа зэманми нобэрей гъащlэми щызэфlэувахэр. Нэхъыщхьэращи, тхакlуэм и lэдакъэщlэкlхэр гъэпсащ бзэ кьулейкlэ.

Хьэчим куууэ щыгъуазэщ ди къэралми нэгъуэщl хэкухэми щыпсэу лъэпкъхэм я щыlэкlэмрэ литературэмрэ. Аращ тхакlуэм и lэдакъэщlэкlхэр гъэщlэгъуэн, щlэщыгъуэ зыщlыр. Абы и щыхьэтщ Кхъуэlуфэм и lуэтэжкэу «Цlыхубз лъэlу», «Зэlущlэ» зыфlищахэр, «Мэзыр жыг зырызыурэ зэхэтщ», «Къуршыбгъэм и уафэр лъагэщ» повестхэр. Иужьрейр документальнэ тхыгъэщ, зытеуухуар Совет Союзым и Лlыхъужь КьанкъуэщАхьмэдхьанщ.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**,
*КъБР-м и цlыхубэ усакlуэ.*
*2015 гъэ*

**И щхьэгъусэ Людмилэрэ и пхъурылъху Тамирланрэ дэщlыгъуу зегъэпсэху.** *2018 гъэ*

**Налшык къеблэгъащ ингуш тхакlуэ цlэрыlуэ Мальсагов Ахъмат** *(ижьымкlэ етlуанэщ).* *1981 гъэ*

## Зыхунэмыс щыlэтэкъым

**Къарууэ иlэр лъэпкъым и щэнхабзэм хуэзыгъэтlам псалъэ гуапэ хужьыпlэныр дэрэжэгъуэщ. Апхуэдэщ журналист, тхакlуэ Iэзэ, лъэпкъ гъащlэм теухуа публицистикэ тхылъ хьэлэмэтхэр къыдэзыгъэкlа, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Щlыхь тхылъыр, «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ» цlэ лъапlэр зыхуагъэфэща Кхъуэlуфэ Хьэчим.**

ХЬЭЧИМ и Iэху бгъэдыхьэкlэр, къищтэ темэр куууэ къызэрыщlигъаныр сэ зыкъомкlэ сэбэп схуэхъуауэ къызолъытэ. Блэкlа лlэщlыгъуэм и бгъущl гъэхэм я кум хуэзэу Кхъуэlуфэр КъБАССР-м и радиомрэ телевиденэмрэ и къэрал комитетым и тхьэмадзу ягъэувауэ щытащ. Телевиденэми радиоми а зэманым щыlа журналистхэр, режиссёрхэр, кинооператорхэр хуэмыхуу лажьэрэтэкъым. Кьыпфlэщlырт я Iэр зыхунэмыс щымыIэу, псори къызэщlрагъэубыдэу. Тынштэкъым программэ зэфlэувахэм щlэуэ зыгуэр хэплъхьэжыну. Ауэ Хьэчим хуэзфlэкlащ абыхэм щыщ куэдым творчексэ гъэпсыкlэр къеплъкъедаIуэ цlыхухэм «зэраIорыхьэ щэрыуагъэр» иригъэфlэкlуэн, гъащlэр сурэту техауэ къыбгъэдэзыльхьэ телевиденэмрэ нэм имыльагъуу, псалъэкlэ гум едэхащlэ радиомрэ ябгъэдэлъ художественнэ публицистикэм и къарур нэхъри къиlэтын.

Кхъуэlуфэр нэхъ гъунэгъуу сэ къыщыщсцlыхуар абы сыщыдэлэжьа илъэсхэрщ. Сымыгъэщlагъуэу къанэртэкъым: и пщэ дэлъ къулыкъу гугъумрэ тхэнымрэ зэрызэдихьыфыр. Кьыдэлажьэхэм хуэму фlэкlа епсалъэртэкъым, Iуэхум «маржэкlэ» бгъэдэлъадэртэкъым. Итlани, сыт хуэдэ Iуэху кьрихьэжьами, дагъуэншэу, и пlалъэм игъэзащlэн хуэзфlэкlырт. Кьалэнхэм, зэрыжаIэщи, Iэпэдэупlэ яIэтэкъым. Кьызгурыlуэртэкъым: дауэ зэман кьызэрыдигъахуэр?!

Пэжыгъэм теухуауэ Iэху къыщlигъткlэ, Хьэчим япэ щыкlэ чэнджащэрт. Жьтlэ псоми гупсэхуу щlэдзlурт. Жэрдэм къыхэтлъхьам, куууэ щыгъуазэ зимыщlауэ, кьищтэртэкъым. «Сэ сыунафэщlщ» мыхьэнэм «сэ сыжурналистщ» жыхуиIэр сыт щыгъуи япэ иригъэщу лажьэрт. Кхъуэlуфэ Хьэчим Къбэрдей-Балъкъарым и Правительствэм хэт, къулыкъу зезыхьэ унафэщlу зэрыпщlэн щыlэтэкъым, апхуэдизкlэ дихьэхырт къызыхуигъэщlа Iэщlагъэми. Цlыхум едэIуэныр, пщlэ хуэщlыныр, ар къыгурыlуэныр Хьэчим и хьэл нэхъыфlхэм ящыщт.

Куэд зэфlигъэкlащ Кхъуэlуфэ Хьэчим Къбэрдей-Балъкъарым и журналистикэмрэ литературэмрэ зегъэужьыным теухуауэ.

**БЖЭНЫКlЭ Мухьэб**,
*Къэбэрдей-Балъкъарым щlыхь зиlэ и журналист.*
*2015 гъэ*

## Езым и Iуэху бгъэдыхьэкlэ

**«Нал къута» романым (Кlыщокъуэ Алим) куэд дыдэ тратхыхьащ... Апхуэдэу щытми, дэ къызэрытлъытэмкlэ, романым и купщlэр къызэкlуэцlыхыным, тыдэ, литературэ щlэныгъэ пщалъэхэмкlэ художественнэ тхыгъэшхуэр «къэпщыным» нэхъ гъунэгъу хуэхъуар Кхъуэlуфэ Хьэчимщ.**

**«Социальнэ гъащlэм и гъуджэ» тхылъыр а илъэсхэм къыдэкlа литературэ-критикэ лэжьыгъэ нэхъыфlхэм ящыщ зыщ.**

КРИТИКЫМ хэлъ тегушхуэныгъэр, гъащlэм, литературэм къыщыхъу зэхъуэкlныныгъэхэм еэым и Iэху бгъэдыхьэкlэ зэрыхуиIэр иужькlи мызэ-мытIэу къигъэлъэгъуащ Кхъуэlуфэм. Абы и щыхьэтщ «доунэ, дофlакlуэ», жаIэурэ, 90 гъэхэм лъахэм и экономикэр, и щэнхабзэр зрагъэхуа щытыкlэ хьэлъэр, къехьэкI-нехьэкI хэмылъу къыщигъэлъэгъуэжа тхыгъэшхуэр (эи гугъу ищlыр 1999 гъэм жэпуэгъуэм и 12, 13, 14 махуэхэм къыдэкlа «Кабардино-Балкарская правда» газетым тета «Дрейф культуры. К какому берегу она пристанет?» статьярщ). Критикым и псалъэр щапхъэ нэрылъагъуэхэмкlи щlэгъэбыдэжащ.

Тхыгъэр цlыхубэм зэлъащlысащ, псалъэмакъышхуи къикlыгъащ. Ар зи гуапэ мыхъуа унафэщlхэм къызэрагъэпэща пэджэж псалъи газетхэм къытрадзащ, ауэ пэжыр зэрыпхуущlэмыхъумэнур, гува-щlэхами зэгуэр ар къызэрыщlэщlжьынур зэманым къигъэлъэгъуащ, критикыр илъэс бжыгъэкlэ япэ пльэфу зэрыщытыр наIуэ къишlри.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ**,
*филологие щlэныгъэхэм я доктор.*

## Адыгэбзэм и лъынтхуэ къэс

**Лlэпкъылl пхэщlыныр гуауэщ, ауэ нэхъ гуауэжщ уимыIэхэныр. Уиэм и Iэужьыр нэхущи, лъэхъэнэ пэури куэд и уасэщ я чэнджэщ зэхэпхыу я жьауэм ущlэтыныр.**

1997 ГЪЭР екlуэкlырт, телевиденэ лэжьыгъэм сызэрыпэрыхьэрэ куэд щlатэкъым. Ялэу гъусэ къысхуащlа режиссёр Дадэ Ритэ къыззупщlащ Кхъуэlуфэ Хьэчим удэлэжьа, жиlэри. «Адыгэ псалъэм» сызэрыщыlа илъэсхэм сегъэбыдылlауэ си тхыгъэхэм хэплъэжар Хьэчимрт.

«5-нэ классым сыщеджэу арат Кхъуэlуфэ Хьэчим и зы тхыгъэ къыслэрыхьэу щыщlэзджыкlам. Нобэр къыздэсым абы хилъхьа гупсысэр езыгъэкlуэтэжкlи срихьэкlа». Апхуэдэ цlыху удэлэжьэныр сыту насыпышхуэт»,- пищащ Ритэ.

А псалъэхэм си гум зыпхадзат, ярэби, дыдэлэжьэу хуэтщlын хуей пщlэр зыщlыпlэ щыдэмыхуауэ пlэрэ, жысlэу. Си газет лэжьыгъэр жылагъуэ-политикэ кудамэм ехьэлlат. Зы гупсысэрэ зы стилистикэ гъэпсыкlэрэ ебгъунъхьэкlыу Хьэчим идэнэтхьэкlи. Ди япэ зэхуэзэм къызиухьлlат, щlэныгъэнщагъэрэ тхыгъэ купщlэншэрэ къыздилъагъу зэрымыхъунур. Апхуэдэт жэуаплныныгъэ пхэмылъу гу къыплъитэнур.

Сигу къинэжакъэм ящыщ зыщ: Афган зауэр зэриухрэ куэд щlатэкъым. Абы хэтахэм ящыщ зы къэзгъуэту сытетхыхьыну си пщэ къыдилъхьат Кхъуэlуфэм. Стхащ. Хьэчим телефонкlэ зэи уриджэртэкъым. Мо лlышхуэм кьытемыхьэлъэу, кабинетым накlуэрти, упщlэкlэ щызэрыпхуейр кьыбжиIэрт. Я ныбжь емылъытауэ, ар дэтхэнэ зы лэжьакlуэми кьытхуищl пщlэт. Уриджакъэ, нэр ирищlу къыпlэщlилъхьэжьнутэкъым тхылъымпlэр ирищхьыу хэлъэщlыхьыжьауэ зы тхыгъэ. «Интеллигент» жыпхъэр зи лъым хэт цlыхум ар и щэнтэкъым.

Сызытетхыхьа зауэлlым хьэ фlыуэ илъагъурт, и зауэ гъуэгуанэми увыпlэшхуэ щиубыдауэ. Абы си тхыгъэм и кlыхьагъкlэ щигъуэтын хуея гулъытэр кьанэри, и мычэзуэ хэкlуэдыкlат. - Хьэр дэнэ щыlэ? - жиIэу Хьэчим сыщыхигъэзыхьым, си гупсысэр зэрысхуемышэжьам гу лъыстэжри, «лlауэ» жысlащ. Арщхьэкlэ абы сыlощlэкlэкъым: тхыгъэм купщlэ хуэхъун хуея «деталир» щlэрыщlэу щlалэм деж тезгъэзэжу гугъу сехьу щызэзгъэзэхуэжьын хуей хуащ. Ар си дежкlэ дерст. Гупсэхуу тхыгъэм хэджыкьыхьынныр, и кьалэмыр хэlэбэн и пэ, ар зи Iэдакъэщlэкlым и Iуэху еплъыкlэри кьиlытэныр, - псори зыхуэкlуэжыр уздынэмыс псэкупсэ лъагагът.

Тхэныр зи нэIуасэхэр ирихьэлlэ хабзэщ хэплъэжьныр зраухылlахэм я зы щlыкlэ къэщтэгъуей, кьыбдекlуэкl къэпсэлъыкlэм и псэр хаудрэ, езым ейм укlэщlаIуэнтIэу. Кхъуэlуфэр синонимхэм теджагуэртэкъым, Iэху къэщтэкlэ жьгъейхэри и нэрыгтэкъым. Щlэныгъэ кууум кьыкъуэтт лъэпкъым и щэнхабзэм, и тхыдэм, и бзэм зи гур иригъу цlыху псэ къабзэр. Адыгэбзэм и лъынтхуэ къэс зригъакlуэ щэху псоми нэплъыса хуэдэ, ар игъэпlейтейрт, журналист е тхакlуэ ирехъуи, абы lурылъ бзэм плъыфэу иIэмрэ жыlэгъуэу къытепщlыкlымрэ хъума зэрыхъунум. «Псэлъэгъу пхуэхъуам и бзэм щlэдэlу. Къэпсэлъыкlэм я нэхъ тамэмымрэ я нэхъ дахэмрэ зыхъумэр бэрщ, губгъуэм и лэжьакlуэжьхэм, мэлыхьэуэхэм, унэ гуащэ кьудейхэм», - жиIэрейт Кхъуэlуфэ Хьэчим.

Унафэщlыфlу, Iэнэныгъэлl щэджащэу ди апэ ита Кхъуэlуфэ Хьэчим фlыкlэ дигу илъынущ.

**ЛЪОСТЭН Музэ**,
*журналист, усакlуэ.*

## Зыхунэмыс щыlэтэкъым

**Къарууэ иlэр лъэпкъым и щэнхабзэм хуэзыгъэтlам псалъэ гуапэ хужьыпlэныр дэрэжэгъуэщ. Апхуэдэщ журналист, тхакlуэ Iэзэ, лъэпкъ гъащlэм теухуа публицистикэ тхылъ хьэлэмэтхэр къыдэзыгъэкlа, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Щlыхь тхылъыр, «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ» цlэ лъапlэр зыхуагъэфэща Кхъуэlуфэ Хьэчим.**

ХЬЭЧИМ и Iэху бгъэдыхьэкlэр, къищтэ темэр куууэ къызэрыщlигъаныр сэ зыкъомкlэ сэбэп схуэхъуауэ къызолъытэ. Блэкlа лlэщlыгъуэм и бгъущl гъэхэм я кум хуэзэу Кхъуэlуфэр КъБАССР-м и радиомрэ телевиденэмрэ и къэрал комитетым и тхьэмадзу ягъэувауэ щытащ. Телевиденэми радиоми а зэманым щыlа журналистхэр, режиссёрхэр, кинооператорхэр хуэмыхуу лажьэрэтэкъым. Кьыпфlэщlырт я Iэр зыхунэмыс щымыIэу, псори къызэщlрагъэубыдэу. Тынштэкъым программэ зэфlэувахэм щlэуэ зыгуэр хэплъхьэжыну. Ауэ Хьэчим хуэзфlэкlащ абыхэм щыщ куэдым творчексэ гъэпсыкlэр къеплъкъедаIуэ цlыхухэм «зэраIорыхьэ щэрыуагъэр» иригъэфlэкlуэн, гъащlэр сурэту техауэ къыбгъэдэзыльхьэ телевиденэмрэ нэм имыльагъуу, псалъэкlэ гум едэхащlэ радиомрэ ябгъэдэлъ художественнэ публицистикэм и къарур нэхъри къиlэтын.

Кхъуэlуфэр нэхъ гъунэгъуу сэ къыщыщсцlыхуар абы сыщыдэлэжьа илъэсхэрщ. Сымыгъэщlагъуэу къанэртэкъым: и пщэ дэлъ къулыкъу гугъумрэ тхэнымрэ зэрызэдихьыфыр. Кьыдэлажьэхэм хуэму фlэкlа епсалъэртэкъым, Iуэхум «маржэкlэ» бгъэдэлъадэртэкъым. Итlани, сыт хуэдэ Iуэху кьрихьэжьами, дагъуэншэу, и пlалъэм игъэзащlэн хуэзфlэкlырт. Кьалэнхэм, зэрыжаIэщи, Iэпэдэупlэ яIэтэкъым. Кьызгурыlуэртэкъым: дауэ зэман кьызэрыдигъахуэр?!

Пэжыгъэм теухуауэ Iэху кьыщlигъткlэ, Хьэчим япэ щыкlэ чэнджащэрт. Жьтlэ псоми гупсэхуу щlэдзlурт. Жэрдэм къыхэтлъхьам, куууэ щыгъуазэ зимыщlауэ, кьищтэртэкъым. «Сэ сыунафэщlщ» мыхьэнэм «сэ сыжурналистщ» жыхуиIэр сыт щыгъуи япэ иригъэщу лажьэрт. Кхъуэlуфэ Хьэчим Къбэрдей-Балъкъарым и Правительствэм хэт, къулыкъу зезыхьэ унафэщlу зэрыпщlэн щыlэтэкъым, апхуэдизкlэ дихьэхырт къызыхуигъэщlа Iэщlагъэми. Цlыхум едэIуэныр, пщlэ хуэщlыныр, ар къыгурыlуэныр Хьэчим и хьэл нэхъыфlхэм ящыщт.

Куэд зэфlигъэкlащ Кхъуэlуфэ Хьэчим Къбэрдей-Балъкъарым и журналистикэмрэ литературэмрэ зегъэужьыным теухуауэ.

**БЖЭНЫКlЭ Мухьэб**,
*Къэбэрдей-Балъкъарым щlыхь зиlэ и журналист.*
*2015 гъэ*

## Узэпцlыж мыхъун фlыгъуэ

**«Щlакlуэ кlапэ» тхылъым ихуа усэ псори зэхуэдэкъым, ауэ нэхъыщхьэр зыхэплъагъуэ хъунур нэгъуэщlщ: къэхъукъащlэ гуэрхэм зыдримыгъэхьэхыщэу - лъахэм, лъэпкъым я дежкlэ щхьэпэ, джэгу зыхэмылъыж Iуэхугъуэ ткIийхэм ар кlэщlу зэрыхуэкlуэрщ. Апхуэдэ усэхэрщ Хьэчим нэхъ къехъулlэри.**

АТХЫГЪЭХЭМ уардэу щолъагэ икlи щолъапlэ лъэпкъым и хабзэр, лъахэм и нэмысыр, къуршхэм я Iулыджыр, адыгэ цlыхубзым и лlыгъэмрэ и къабзагъэмрэ. А фlыгъуэхэм ящыщщ, абыхэм къагуэпх мыхъун зыщ бэзри...

Ахэр ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыщlиуIукlа, гуэзвэгъуэ куэдым къабзэу къыкlуэцlрихьа, накlэнащхьагъэ зыхэмызэгъэн, зы мэскъалкlэ узэпцlыж мыхъун фlыгъуэщ...

Лъэпкъым и нэмысыр псом ящхьэу зылъытэ, дэтхэнэ зы пцlыупсри езым и ныбжь бийуэ зыбж, сыт хуэдэ къэхъукъащlэри лъахэм и пщалъэкlэ къипщыну хущlэкъу цlыхур «дызэкъуажэгъущ» е «дызэхуэдэ адыгэщ» жыпlэкlэ къыпхуэгъэпцlэнукъым: узыщыщым ухуэфащэрэ ухуэмыфащэрэ елъытауэщ абы пщlэ къызэрыпхуищынур. Апхуэдэм, дауи, фlыуэ къыгуроIуэ адыгэ лъахэм хуиIэ лъагъуныгъэр здынэсри, куууи зыхещlэ «бамплэу щыIэм я нэхъ гуащlэр - цlыхум ибгына хэкум» ар зэрыщlэбэгъир.

... «Щlакlуэ кlапэм» сэ нэхъыщхьэ дыдэу къыхэслъагъуакlар мыращ: авторым и фlэщу къилъыхьуэрт езым и темэр... Ар Кхъуэlуфэ Хьэчим нэхъ къыщlагъэтэр и документальнэ прозэрщ... Лъахэм дыгъуасэ и нэгу щlэкlахэр, абы и нобэр, ахэр зэрызэпыщlа лъагъуэхэр къэхутэныр щ.

**КЪЭЖЭР Хьэмид**.
*2015 гъэ*

**Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым Щlыхь тхылъыр Мэзыхьэ Борис къретыж.** *1995 гъэ, мазаем и 10*

**Тырку Республикэм Хэкум икlыу япэ кlуахэр - Кхъуэlуфэ Хьэчим, Щомахуэ Сулътlан, Хьэфlыцlэ Мухьэмэд сымэ Измир къалэм дэтщ.** *1971 гъэ*

● Лъэпкъ Іуэху

Джылахъстэней Хасэм и лэжьыгъэр къызэІуех.

Ахъсор Хьэлым

# Джылахъстэнейр мэхасэ

**ЩІышылэм и 28-м Тэрч щыналъэм щекІуэкІащ Джылахъстэней Адыгэ Хасэм 2019 гъэм зэфІигъэкІахэмрэ илъэсыщІэм къыпэщылъхьэмрэ ятеуха зэІущІэ щхьэпэ. Абы ирагъэблагъэри хэтащ Къзбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд, Тэрч район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Семэн Пщыкъан, щыналъэм Щэнхабзэмкіэ и уардэунэм и унафэщІ Кіэрэф Мурадин, нэхъыжьыфІхэр, дин лэжьакІуэхэр, нэгъуэщІхэри.**

ДЖЫЛАХЪСТЭНЕЙ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Ахъсор Хьэлым** къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ блэкІа гъэм я зэгухьэныгъэм илэжьаныр. Ахэр бзэр хъумэным, хабзэр екІуу зехьэным, ар щІэблэм яхэпщэным, адыгэм и махуэ лъапІэхэр, цІыху цІэрыІуэхэр гъэлъапІэным хуэунэтІащ. Хасэ тхьэмадэм и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэща дауэдапщэхэм ящыщщ «Си бзэ - си псэ, си дуней» Іуэху дахэр. Гъэкіуам абы хэтащ Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зэрихьэу Тэрч кьалэ дэт курыт еджапІэ №3-мрэ, лицей №1-мрэ. ЩІалэгъуэлэм а зэпеуэм кьыщагъэлъэгъуэ зэфІэкІ дахэхэм лъэпкъым къэкІуэну узынщэ зэриІэм гугъэфІхэр уагъэщІырт. Хасэм и нэІэ щІэту екІуу ирагъэкІуэкІахэм ящыщщ «Адыгэ хабзэ» проектыр. Абы лъэпкъым и фІыгъуэ мыкІуэщІыжу кьалытэхэр ди щІэблэм ящІэнымкІэ, я гумрэ я псэмрэ а псор хэпщауэ къэгъэтэджэнымкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр щэчнышэщ. Ахъсорым къиГъэгъуащ ЩІалэгъуалэ парламентым кърихьэжьа а Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи Тэрч щыналъэмы абы телэжьэн щІалэгъуалэ гуп къыщыдэзрагъэпэщынкІэ зэрыфІэизгъуэр.

Афганистаным щызэуахэм я махуэр, Гъэрэ ЩІыпэ щызэхэкІыр, Адыгэ ныпым и махуэр, Хэку зауэшхуэм текІуэныгъэ къыщытхъа махуэр, Адыгэхэм я щыгъуэ-щІэж махуэр сыт щыгъуи гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэхэщ.

- ЩІыналъэм щыпсэу дэтхэнэми гукъинэж щыхъущ фокІадэм и 20-м Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр Іэтауэ ди деж зэрыщыдгъэлъэпІар. Абы кърихьэлат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым я зи чэзу зэІущІэм хэта ди къуэшхэри. Адыгэ фащэкІэ хуэпащауэ къэгъэтэджэнымкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр щэчнышэщ. Ахъсорым къиГъэгъуащ ЩІалэгъуалэ парламентым кърихьэжьа а Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи Тэрч щыналъэмы абы телэжьэн щІалэгъуалэ гуп къыщыдэзрагъэпэщынкІэ зэрыфІэизгъуэр.

Афганистаным щызэуахэм я махуэр, Гъэрэ ЩІыпэ щызэхэкІыр, Адыгэ ныпым и махуэр, Хэку зауэшхуэм текІуэныгъэ къыщытхъа махуэр, Адыгэхэм я щыгъуэ-щІэж махуэр сыт щыгъуи гулъытэ хэхьэ зыхуэщІыпхъэхэщ.

- ЩІыналъэм щыпсэу дэтхэнэми гукъинэж щыхъущ фокІадэм и 20-м Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр Іэтауэ ди деж зэрыщыдгъэлъэпІар. Абы кърихьэлат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым я зи чэзу зэІущІэм хэта ди къуэшхэри. Адыгэ фащэкІэ хуэпащауэ зэрамкъэм уэру къыдыхьа цІыхухэм уащыхэплъэкІэ гур хигъахъуэрт. Ар щІалэгъэбыдэжьрт адыгэбзэкІэ псалъэу къэкІуэлІа ныбжьыщІэхэм, абыхэм яхэпль гъэсэныгъэ дахэм, лъэпкъ шхыныгъуэхэм, Іэрыкі тельыджэхэм, нэгъуэщІ куэдми. «Адэжь щыналъэу си псэм и плъапІэ» фІэщыгъэм щІэту уэрэдгъэ къафэкІэ зэхэухуэнауэ махуэр зэрауихыжа концертри гуимыхужт.

КъыкІэлъыкІуэу хасэр хэтащ нэхъыжьыфІхэм я махуэр гъэлъапІэным. ЩІыналъэм, къуажэхэм дэс хьэрычэтыщІэхэм я фІыгъэкІэ нэхъыжьхэм сэугъэт щхьэпэхэмкІэ яхуэгуэпащ. Гъэщ1эгъуэн хъуат «Акъыл жан», «Адыгэ щауэ» зэпеуэхэр. Хасэм гульытэншэ ищІакъым Анэхэм я дунейпсо махуэри.

Ахъсорым и къэпсэлъэныгъэм и кІэухыу, щыналъэ хуэажэ хасэхэм щІалэгъуалэм драгъэкІуэкІ лэжьыгъэр щІагъэхуэбжьэн хуейуэ къызэрилъытэр къыхигъэщащ.

- Зым и дежкІи щэхуэкъым, лъэпкъым и къэкІуэнур и щІэблэм зэрелъытар. Абы къыхэкІыу 2020 гъэм дызэрылажьэну дгъэпса планым щІалэгъуалэм гулъытэ хэха щыхудощІ.

Зэ1ущ1эм къыщыпсэлъащ щыналъэм хьыхь я хуажэхэм я Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэр. Абыхэм къагъэлъагъуащ зэфІагъэкІ Іуэхухэр, дауэдапщэхэр, гукъеуэ зиІэхэми абзыщІакъым.

Болэтей къуажэм я хасэ тхьэмадэ **Ныбжь Мышэ** и къэпсэлъэныгъэр бзэр хъумэным, ар щІэблэм яІэщІэмыхуэныкІэ хэкІыпІэу илъагъуэхэмкІэ ядэгуэшащ къызэхуэсахэм. Абы зэрыжиІэмкІэ, бзэр ди щІэблэм Іумпэм зэращІым и щхьэусыгъуэр куэдщ, а Іуэхур зи пщэрыльэ дэтхэнэми (унагъуэ, сабий гъэсапІэ, еджапІэхэм) лэжьыгъэ Іыхьэфі къыльэосри, зыми Іэпэдэгъэлэл ищІ хъунукъым. Адыгэ къуажэхэм дэт курыт еджапІэм, сабий гъэсапІэхэм къыщызэрагъэпэщ зэІущІэхэр, дауэдапщэхэр зэфхэзэщу урысибзэкІэ зэрырагъэкІуэкІыр зи гукъеуэ нэхъыжьым хуэзэфІэкІащ зыкъомыр адыгэбзэм трихъэхьэкын. «Абы кьикІыркъым сэ урысибзэм сриби́уэ, хьэуэ, бзитІри зэхуэдэу пщІэнэр екъуІэныгъэфІщ, дызыхэс къэралым и бзэр зумыгъэщІэныр щІэныгъэншагъэщ, уи анэдэлъхубзэр умыщІэжьныр епцІыжьныгъэщ», - жиІащ абы.

Бзэр щІэблэм кьеГъэщтэжьным и зы хэкІыпІэу Ныбжьым кьыхилъхьахэм ящыщщ курыт еджапІэр къэзыхэсэм Іэмал имыІэу ятын хуей экзаменхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ хэгъэхьэнри.

Инарыкъуей кьыщаІэта Іуэхугъуэ щхьэхуэхэм я гугъу ищІащ **Джэрмэшык Къазбэч**.

Къуажэдэсхэм я гукъеуэм фІыуэ щыгъуазэ хасэ тхьэмадэхэр щІым и Іуэхум, псым, гузэвэгъуэм ехьэлІа дауэдапщэхэр зэхуэдэу, хьэдэІус (сэдэкъэ) гуэныным егъэлея хэмыту зы унафэ къэщтэным тепсэлъыхьащ. Абей къуажэм и лЫкІуэхэм я къэпсэлъэныгъэм щыжаІащ Тэрчыпсыр гьунапкъэм къызэрыдэкІуейр, псыдзэр къащІэуэмэ, къуажэм тхьэмыщІагъэшхуэ къызэрыхуихьынур, ар къэмыхъун папщІэ икІэщІыпІэкІэ псы Іуфэхэр гъэбыдэн зэрыхуейр. Ауэ Іуэхуракъэ, къуажэдэсхэм я гукъеуэр зыми зэхимых хуэдэщ...

Тэрч щыналъэм и щыпІэ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ **Семэн Пщыкъан** щыналъэ хасэм и пащэрыльэ къаленхэр фІы дыдэу кьеХъулІэу къызэрилъытэр жиІащ, тхьэмадэхэм я лэжьыгъэр дзэІэ ирагъэфІэкІуэнымкІэ езыхэр сэбэп хъуну зэрыхъэзырри дыщІигъужащ. ЩІэблэр хэкупсэу, лъэпкъыпсэу гъэсэным и мыхьэнэр зэрыльагэр, ди нэхъыжьыфІхэм яхуэфэщэн щІэблэ диІэнэр псоми я зэхуэдэ кьалэну зэрыщытыр къыхигъэщащ абы и псалъэхэм. Унагъуэхэм щызекІуэ хабзэмрэ адэ-анэм я быным зэрепсалъэ бзэмрэ псом хуэмыдэу зэригъэгуэавэр жиІащ Семэным.

ЩІыналъэм хьыхь хасэхэм я лэжьыгъэм ІэІуасэ хуащІа иужь, псалъэ зрата **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** жиІащ Къзбэрдей Адыгэ Хасэм и щІыналъэ къудамэхэм ящыщу зи лэжьыгъэр нэхъ екъуІэу кьезыхьхьэлІэм Джылахъстэнейр зэрыщытыр. Бзэр щІэблэм яІэщІэмыхуэныкІэ, хабзэр хуэмынымкІэ, лъэпкъ Іэуэкьэр егъэфІэкІуэнымкІэ хэкІыпІэхэмкІэ ядэгуэшащ Хьэфыщ1эр кьызэхуэсахэм. Апхуэдэуи Къзбэрдей хасэм и лэжьыгъэм, абы япэ иригъэщ Іуэхугъуэхэми щыгъуазэ ищІащ.

Хьэфыщ1э Мухьэмэд щыналъэ библиотекэхэмрэ хасэ тхьэмадэхэмрэ яритащ «Черкесика» серием хьыхьэу Хасэм иужьрей зэманым къыдигъэкІа тхыльхэр.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Кіэрэф Мурадин

Джэрмэшык Къазбэч

Хьэфыщ1э Мухьэмэд

Семэн Пщыкъан

Джылахъстэней Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Мэшылі Анзор

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

# АвтомашинэщІэхэр къаІэрохьэ

**КъБР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуэхэм автомашинэщІэ 28-рэ къаІэрэхьащ. Абыхэм я Іункіыбзэхэр полицейхэм яритащ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Павлов Василий.**

КЪЭРАЛ кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм къыгъэзэбэныну автомашинэщІэ 28-р ираташ. Ахэр хуагуэшащ КъБР-м щыІэ МВД-м, Урысей МВД-м республикэм щиІэ щІыналъэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэхэм.

«УАЗ-Патриот», «Лада-Гранта», «Лада-Веста» автомашинэщІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыІэрыхьащ 2019 - 2022 гъэхэм тещІыхьа къэрал программэм ипкъ иткІэ.

Транспортым хигъэхъэнущ Іэнатіэ 17-м я автопарк ыр икІи мыгувэу къэгъэсэбэпын щІадзэнущ. Нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщ Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм зэнщІэу къыІэрыхьащ автомашини 4. Абыхэм ящыщу 2-р ираташ 2019 гъэм я лэжьыгъэм кърикІуахэмкІэ щІыналъэ орган нэхъыфІу къалъытэхэм.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ, полицэм и генерал-майор Павлов Василий Іуэху гуапэмкІэ лэжьакІуэхэм екъуэхъурі, екьыхигъащащ транспортыщІэхэм лэжьакІуэхэм я лэжьыгъэр зэрырахьэкІ щытыкІэр зэрыригъэфІэкІуэнур, жылагъуэ хабзэмрэ цІыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ хъумэнымкІэ сэбэп зэрыхьунур.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● Атлетикэ псынщІэ

# Беларусым къыщыхэжаныкІа Налшык щыщ полицей

**Минск къалэм дэт «Атлетикэ псынщІэмкІэ олимп зыгъэсэныгъэм и республикэ центр» Іуэхущ1апІэм и манежым щекІуэкІащ атлетикэ псынщІэм и ветеранхэу илъэс 35-м щхьэдэхахэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуа Беларусь Республикэм и 8-нэ чемпионат зэІуха. Зэхьэзэхуэм хэтащ къэрал 13-м я спортсмен 500-м щІигъу.**

УРЫСЕЙМ и гупым хэту екІуу зыкъигъэльэгъуащ ди лъахэгъу, Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыІэм и плъыр частым и лэжьакІуэ, полицэм и капитан Селяев Артур. Абы дыщэ медалыр къыщихьащ щэнейрэ лъэным. Атлетикэ псынщІэм нэхъ удэзыхьэх и теплъэгъуэм - метр 60 къэжьыным, ещанэ щыхуащ. Зы меданкІэ ди спортсменым япэ ищащ Литвам щыщ щІалэр.

Артур къыхихыщащ зэхьэзэхуэм зыщыхуагъэхьэзырым лэжьыгъэшхуэ къызэрыдрагъэкІуэкІар икІи фІыщІэ яхуищІащ Урысей Федерацэм щыхъ зиІэ и тренер Садыков Сергейрэ Ипатов Александррэ.

Ди лэжьэгъуэм дохъуэхъу и текІуэныгъэхэмкІэ, адэкІи лъагаІэщІэхэр зыІэригъэхьэмэ ди гуапэщІ - жаІэ полицейхэм.

*Зыгъэхьэзырар* **БАХЪСЭН Ланэщ.**

● Футбол

# ЕтІуанэ зыгъэсэгъуэр йокІуэкІ

**ЩІышылэм и 31-м Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-м зэныбжьэгъуфІ зэІущІэ дригъэкІуэкІыу япэ зыгъэсэгъуэр кърихьэлІа иужькІэ, махуищ-плІыкІэ зиГъэпсэхури, «Спартак-Налшыкыр» Нартсанэ (Кисловодск) кІуащ.**

ДИ ЩІАЛЭХЭМ етІуанэ зыгъэсэгъуэр тхьэмахуитІкІэ ирахьэкІынущ. «Спартак-Налшыкым» иджыри къэс хэтахэм ядэщІыгъуу абы здашащ Къзбэрдей-Балъкъэрым и футбол школхэм я гъэсэн щІалэщІэ зыбжанэ. Дэтхэнэми Імал хъарзынэ игъуэтащ ди командэм и тренерхэм гу зылъригъэтэну.

Тхьэмахуэ ипэкІэ «Мэшыкъуэ-КМВ»-м щыдэджэгуам КІэбышэ Заур зи пашэ тренер гупым зэІущІэр ирыраГъэгъэжьащ нэгъабэ тегъэщІапІэ нэхъыщхьэ ящІахэу гъуащхьэтет Щоджэн Борис, гъуащхьэхъумэхэу КІэдыкІуей Хьэчим, Белоусов Никитэ, Ольмезов Артур, Сындыку Темыркъан, гъуащхьэхъумэныкъуэхэу Салахэтдинов Инсар, Дзхъу Исльам, Хъэшыр Алан, Іэпщащэ Марат, гъуащхьэуэхэу Мэшэжь Ратмиррэ Бащэ Къантемыр-рэ. ЕтІуанэ Іыхьэращ зыкІэлъэплъ щІалэщІэхэр къыщрагъэхьар. Абыхэм я ГъусэУ джэгум хэта Ашу Мурад 81-нэ дакъикъэм дигъэкІа топым «Спартак-Налшыкым» текІуэныгъэр 2:1-уэ къыхихыащ.

Зэныбжьэгъугъэ зэІущІэр иуха иужькІэ, ди командэм и Іуэхуэхэр зытетыр зэдгъэщІэну абы и тренер нэхъыщхьэ КІэбышэ Заур зыхуэдгъэзащ:

- ТхьэмахуитІ блэкІар хуабжьу купщІафІэу къэдгъэсэ бэпащ икІи дызыхуІэкъуа псори зэдгъэзхъуІащ, - къыджиІащ абы. - «Мэшыкъуэ-КМВ»-м дыщыдэджэгум зэдгъэльагъуну дыхуеящ зыгъэсэныгъэр зэрекІуэкІыр щІалэхэм зэрызыхащІэр. КъызэрыщІэкІамкІэ, къатохьэлъэ. Дяпэкіэ нэхъ дызэлэжьыпхъэхэр дубзыхуауэ Нартсанэ докІуэ.

ЕтІуанэ зэхуэсигъуэм налшыкдэсхэм загъэсэну къудейуэ аракъым, атІэ ахэр ирыщІагъэбыдэжу зэныбжьэгъугъэ зыбжани щІэх-щІэхыуэрэ ирагъэкІуэкІынущ. Хьэрхуэрэгъу къахуэхъуну зэкІэ зыхуагъэфащэхэм ящыщщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «ИПщэ» гупым къыщыдыхэтхэу Прогрессым и «Биолог-Новокубанск»-р, Ставрополь и «Динамо»-р, Черкесск и «Интер»-р, къищынэмыщІауэ, премьер-лигэм зыкъыщызыгъэльагъуэ Грознэм и «Ахмат»-м и щІалэгъуалэ гупыр.

«Спартак-Налшыкым» щыджэгуэм ехьэлІауэ нобэкІэ зэхъуэкІыныгъэ гурэхэри щІыпІэкъым. КІэбышэм къызэрыхигъэщамкІэ, цІыхухэм-щы зыхагъэхьэнкІэ хъунущ.

- Тебэрды Тимур къыхихьэжьну дыщыгугъат, арщхьэкІэ ар Мэхъэчкъалэ и «Легион-Динамо»-м хьхьауэ жаІэ. Бажэ Амири дигъэльэщынут, ауэ абы Йордание къыкъыщыгъэльэгъуэным пищэнущ. Джатэрыкъ Къазбэчи къэтщтэжьыфІынут, нэгъуэщІ къэрал цІыху зэрыхьуамкІэ паспорт къыдимыхатэмэ. *(ЗэрыфщІэжащ, «Спартак-Налшыкым» иужькІэ ар Къзэахъстаным Іэпхъуэри, а къэралым и командэ хьыхэкам и щІыхьыр ихъумащ - Ж.З.)* Апхуэдэхэр къыщытхъыхьэфынур бадзэуэгъуэм (июлым) и 1-м щыщІэдзэуэщ. КъищынэмыщІауэ, ди командэм зэгуэр хэта футболист Іэзэхэм ящыщ зыгуэркъым я мурадмэ, ди гуапэу зыхэдгъэхьэжынущ. «Спартак-Налшыкыр» сыт щыгъуи апхуэдэхэм хуэнькъуэщ, - къыджиІащ КІэбышэм.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

# Зауэ гуащІэхэмрэ текІуэныгъэр къэзыхьахэмрэ

**Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыІэм щекІуэкІащ къулыкъущІэхэмрэ республикэм и Уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іуэхущ1апІэм и ветеранхэмрэ я зэІущІэ. Полковникыжу къэрал кІуэцІ къулыкъум къыхэкІыжа Шэджэм Залымджэрий и лекцэ-псалъэмакъыр теухуат нэмыщ фашист зэрыпхъуакІуэхэр ирагъэкІуэту Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэр хуит къызэращІыжам. Апхуэдэу зэІущІэм кърихьэлІат 115-нэ шу дивизэ щхьэхуэм и щІкІэ щыІэ къэлъыхъуакІуэ гупым и гъэзэщІакІуэ унафэщІ Заруцкий Олег.**

ИУЖЬКІЭ лэжьакІуэхэр ирагъэблагъащ зыгъэхьэзырыныгъэмкІэ еджапІэ классым икІи Заруцкий Олег абыхэм яригъэлъагъуащ илъэс зыбжанэкІэ зэхуахьэса Хэку зауэшхэм и зэманым и хьэпшыпхэр: къагъэта Іэщэ пкъыгъуэхэу, амуниицехэу, щхьэзакъуэ хъэпшыпхэу совет, нэмыщэ сэлэтхэм яйхэр. Дэтхэнэ экспонатми епхащ цІыху гъащІэ.

Заруцкий Олег зэрыжиІамкІэ, Хэку зауэшхэм и зэманым ехьэлІа куэд къыщагъэтащ республикэм и Тэрч районым, 1942 гъэм и фокІадэм зауэшхуэ щекІуэкІа Курп пъагапІэхэм.

- Лэжьыгъэр щедгъэкІуэкІым дэ къэдгъэтащ гъущІ пыІэхэр, кумбыгъэхэр, гильзэм къыхэщІыкІа Іэрыщі стфыджжн ламп1э, улъия шыуан цыкІу, балалайкэм и Іыхьэхэр, нэгъуэщІ куэди, - къыхигъэщащ Заруцкий Олег. ГъущІ пыІэхэм яІэ пхыудыпІэхэм лагъымхэр техІуэу урагъэгупсыс, арщхьэкІэ ахэр къыщыдгъуэта щІыпІэхэм цІыху къупщхьэхэм дыщрихьэлІакъым.

КъБР-м щыІэ УФСИН-м и пресс-Іуэхущ1апІэм щыгъуазэ дызэрищІащи, а псоми къыдэкІуэу Заруцкий Олег къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ 115-нэ шу дивизэм и цІкІэ щыІэ къэлъыхъуакІуэ гупыр зэрызэфІэува щІыпІэм.

**УАРДЭ Жантинэ.**

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр:**

**ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

**Езыгъэтхаэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІаІуэхэм я - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр зэхъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Дышэкъ Соня,** *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.108 ● Заказ №101